



Distri Eskolè nan Konte Monroe
241 Trumbo Road – Key West, Florida 33040 – 305-293-1400

FÒM KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS SANTE LEKÒL LA Adapte pou 2024-2025

Non Etidyan an: _____ Lekòl: _____

Klas: _____ Dat Nesans: _____

Pati 1 – Sèvis Sante Nan Lekòl

Pwogram Sèvis Sante Lekòl (School Health Services Proram) sa a fèt pou evalye, pwoteje epi ankouraje sante elèv nou yo. An plis, li bay sèvis sante prevantif ak ijans ki baze nan lekòl la dapre Plan Sèvis Sante (School Health Services Plan) pou Konte Monroe a.

A. Depistaj Sante Eskolè Esansyèl (Klinik Eskolè-Enfimyè Eskolè)

Lwa Florida 381.0056 rekòmande tès depistaj sante regilye pou elèv lekòl leta yo. Nan tès depistaj yo gen pou je (klas K, 1, 2, 3, ak 6), zòrèy (klas K, 1, ak 6) endis mas kòporèl wotè ak pwa (klas 1, 3, ak 6), epi eskolyoz (klas 6).

___ Wi, Mwen dakò ak tout tès depistaj esansyèl yo

___ Non, mwen refize tout tès depistaj esansyèl yo (yo dwe bay enfimyè oswa direktè lekòl la yon avi alekri si lekòl la pa gen yon klinik)

B. Sèvis Sante Eskolè Esansyèl (Klinik Eskolè – Enfimyè Eskolè)

Nan sèvis sa yo gen: premye swen debaz pou timoun ki minè (poko gen 18 lane) ki blese, ki fè aksidan, oswa ki malad yo, ede etidyan yo pran medikaman yon medsen preskri yo (yo rekòmande yon fòm konsantman separe) epi/oswa pwosedi medikal yo; edikasyon sou sante sou yon seri sijè espesifik ak apwòch sou byennèt; egzamen ak revizyon vaksinasyon bilan sou sante yo.

___ Wi, Mwen dakò ak tout sèvis esansyèl yo (Yo rekòmande yon siyati konsantman tou sou [Antesedan Medikal/Fòm pou kontak an ijans](#))

___ Non, mwen refize tout sèvis esansyèl yo

C. Sèvis Sante Eskolè Sipleman (Patnè Swen Sante yo)

Sèvis swen sante sa yo disponib tou atravè patnè sante Distri a genyen yo. Pou yon moun ka patisipe, chak sèvis sa yo rekòmande yon fich otorizasyon/fòm konsantman.

Wi ___ Non ___ Swen Medikal nan [AHEC](#) (Genyen ladan l, egzamen fizik, konsiltasyon, medikaman yo, ak tès yo)

Wi ___ Non ___ Sèvis Dantè nan [AHEC](#) (Evalyasyon ak tretman ki pa koute anpil kòb)

Wi ___ Non ___ [Pwogram pou Pwoteje Dan \(Dental Sealant Program\)](#) nan AHEC/Depatman Sante FL (FL Department of Health) (Pou klas 2 ak 7)

Wi ___ Non ___ Swen pou Je (Yo fè egzamen pou je epi yo bay linèt pou je si sa nesèsan [Heiken Children's Vision Program](#) nan)

Pati 2 - Soutyen Eskolè pou Rezilyans, Byennèt ak Konpòtman

Soutyen Eskolè pou Rezilyans, Byennèt ak Konpòtman mete yon sipò an ti gwoup epi/oswa endividyèl sou pye, pou amelyore jesyon konpòtman, ladrès pou siviv, regilasyon emosyonèl, chagren, ak lòt baryè ki anpeche jwenn siksè lekòl.

A. Konsèy ak Sipò nan lekòl pou Byennèt Elèv

(Konseye Lekòl ak/oswa Travayè Sosyal Nan Lekòl)

Se Konseye Lekòl yo ak/oswa Travayè Sosyal Nan Lekòl yo ki bay sèvis yo. Egzanp sèvis yo gen ladan, ti gwoup yo, referans pou ajans kominotè yo, sipò lè gen kriz, verifikasyon nan antre ak nan soti, repa an gwoup, entèvansyon nan klas ki baze sou prèv ak seyans endividyèl. Y ap kontakte paran yo pou diskite, planifye, epi pou bay konsantman konsènan sipò sa yo anvan yo koumanse Pou plis enfòmasyon, tanpri, ale sou sit entènèt distri a pou sipò pou etidyan yo nan <https://www.keysschools.com/Page/6726>.

Wi ____ Non ____

B. Ankadreman

Se Keys to be the Change ki bay Sèvis a yo (pou Lower Keys sèlman). Y ap kontakte paran yo pou diskite, planifye, epi pou bay konsantman konsènan sipò sa yo anvan yo koumanse Pou plis enfòmasyon konsènan Keys to Be the Change, ale sou sit entènèt yo a nan <https://www.keystobethechange.com/>.

Wi ____ Non ____

C. Tès Depistaj Inivèsèl pou Byennèt Elèv yo (klas 5 jiska 12)

Yo fè egzamen oto-evalyasyon etidyan to de (2) fwa nan yon lane pou evalye domèn tankou mantalite kwasans, konsyans sosyal, regleman emosyonèl, rezilyans, oto-jesyon, epi relasyon soutyen yo. Si atravè tès depistaj la, yo idantifye yon etidyan kòm yon moun ki ka potansyèlman benefisye konsèy nan lekòl, y ap kontakte paran yo epi mande yo konsantman yo pou yo ka koumanse sipò sa yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan tès depistaj sa a epi pou w wè kesyon yo poze yo, tanpri vizite sit entènèt distri a nan: <https://www.keysschools.com/Page/7099>

Wi ____ Non ____

Non Etidyan an: _____ Klas: _____ Dat Nesans: _____

Non ak Siyati Paran an/Responsab Legal la: _____

Siyati Paran an/Responsab Legal la: _____ Dat: _____

Lè m siyen dokiman sa a, mwen konprann, deklarasyon konsantman ki anwo yo ap rete anvigè jiskaske paran/responsab legal la soumèt yon nouvo fòm konsantman paran bay Sèvis Sante Lekòl la oswa yo vini ak yon vèsyon adapte distri a voye bay paran yo pou ranplase fòm nan. Tanpri chache sa nan dosye lekòl timoun ou an te voye lakay ou nan koumansman lane a.